

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pasualan kapribadian manusa bisa jadi ide atawa gagasan pikeun pangarang dina ngahasilkeun hiji karya sastra. Kapribadian manusa minangka eunteung dina ngahasilkeun tokoh fiksional nu nyaritakeun rupa-rupa gangguan kajiwaaan. Gangguan kajiwaaan tokoh, kagambar dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini. Para tokoh utama dina carpon-carpon Tini Kartini, réréana ngarandapan pangalaman anu teu pikabungaheun. Dina carpon “Jurig”, upamana baé Nyi Iyot dinyenyeri ku salakina, nu antukna kawas nu kurang saeundan. Kitu deui dina carpon “Ondangan”, tokoh Kuring ngarasa geus nyieun dosa pédaħ boga salaki urut kabogoh babaturanana. Dina carpon “Sial”, tokoh kuring kawiwirangan basa gelungna murag hareupeun jalma réa, cara tokoh kuring dina carpon “Di Lembur” anu katoḥyan ku kaom Ibu yén manéhna teu bisaeun ngaji. Carpon “Nyi Karsih” gé dina jero-jerona mah ngedalkeun kasusah yén tokoh Nyi Karsih dipaksa ngawulaan kahayang Juragan Dalem nepi ka luas nelasan manéh. Ditilik tina eusi caritana nu kompléks jeung konflik jiwa nu karandapan ku para tokoh utama, ngajadikeun ayana aspék kapribadian nu matak ngirut dina ieu carpon.

Kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini, kabéhna aya 16 judul. Tadina mah ieu kumpulan carpon téh misah-misah. Mimitina aya “Jurig” (1963), ditéma ku “Paséa” (1965), jeung “Nyi Karsih” (1976) pangpandeurna. Ayeuna dihijiikeun, disabukukeun jadi kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini. Taun 2003, Tini diléléř Hadiah Sastra Rancagé, dumasar kana jasa-jasana enggonging makayakeun basa katut sastra Sunda (Hawé Setiawan dina Kartini, 2003, kc. 8).

Pikeun kapentingan ieu panalungtikan, kumpulan carpon nu dipaluruh aya 12 judul. Éta kumpulan carpon, dipilih lantaran aspék kapribadian tokoh utamana minangka bagian masalah nu diangkat ku pangarang. Ku kituna, kapribadian para tokoh utama dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini jadi alesan pikeun ditalungtik.

Salian ti ayana kompléksitas kapribadian dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* nu jadi alesan dina ieu panalungtikan, sacara informal, dianggap bisa méré gambaran pikeun masarakat kiwari ngeunaan kahirupan jaman baheula nu can kungsi karandapan, tur méré conto ngeunaan kapribadian nu hadé jeung nu goréng. Ku jalan kitu, carpon-carponna bisa ngahudangkeun kasadaran balaréa pikeun niténan kahirupan tepi ka bubuk-leutikna.

Peran pangarang penting pisan dina ngébréhkeun hiji karya. Pangarang nyieun galur jeung tokoh fiksional dina carita, nepi ka karyana bisa ditarima ku masarakat. Pangarang bisa ngadékripsikeun kaayaan nu can kungsi karandapan ku masarakat kiwari ngaliwatan karya sastrana. Éta hal, nyampak dina diri pangarang Tini Kartini. Dina nulis kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih*, Tini Kartini umumna nyaritakeun hal-hal nu kajadian jeung mangsa baheula, hususna dina taun 60/70-an. Tini Kartini, mimiti nulis taun 1959, harita sok midangkeun sajak katut carita pondok dina koran *Sipatahoenan*. Kapunjulna nu utama mah lebah nulis carpon. Nu matak pantes basa taun 1982 ngadeg Patrem, anu ngabeungkeut kaom wanoja nu resep ngarang maké basa Sunda téa, Tini Kartini nu pangheulana jadi pupuhuna (Hawé Setiawan dina Kartini, 2003, kc. 6).

Watt dina Faruk (2013, kc. 4) nétilakeun yén tokoh fiksional nu aya dina karya sastra, mangrupa eunteung tina kahirupan jalma nu nyata. Kitu deui dina kapribadian tokoh fiksi, upama pamaca paham yén tokoh-tokoh téh ngarandapan gangguan kajiwaan, bakal mangaruhan kana éta carita fiksi saterusna, kitu deui tokoh-tokoh nu aya di sabudeureunna (Wiyatmi, 2011, kc. 2).

Unggal jalma miboga kapribadian nu béda ti jalma séjénna. Nurutkeun Minderop (2016, kc. 6), kapribadian nyaéta kualitas nalar jeung karakteristik hiji jalma nu geus kawangun, sarta jadi hiji pola nu tangtu tur mampuh ngabédakeun antara individu jeung individu lianna. Kapribadian manusa bisa katitén tina sababaraha hal, di antarana tina rupa-rupa ucapan, paripolah, sikep méntalna. Tina paripolah jeung sikep méntal nu ditémbongkeunana, manusa mampuh nangtukeun mana nu hadé jeung mana nu goréng. Kitu deui jeung pangajén ka hiji jalma, antara nu pantes dihormat jeung nu henteu, ditangtukeun ku paripolah jeung sikep méntal dirina.

Salasahiji pamarekan sastra, nu patali jeung aspék kajiwaan nyaéta psikologi sastra, Dina dadasarna psikologi sastra nyaritakeun hal nu patali jeung unsur-unsur kajiwaan tokoh fiksional nu aya dina karya. Minangka dunya karya sastra nu di jerona miboga aspék kahirupan, hususna manusa. Psikologi sastra miboga udagan pikeun maluruh pasualan kajiwaan dina pangaweruh aspék-aspék nu aya dina karya sastra (Ratna dina Rakhman, 2013, kc. 343).

Aspék kapribadian manusa dumasar kana struktur kapribadianna séwang-séwangan, nu bisa dipaluruh ngagunakeun pamarekan psikologi sastra. Nurutkeun Lacan dina Bracher (2018, kc. xx) kapribadian manusa téh bisa katitén tina sababaraha hal, nyaéta *yang nyata* (kabutuhan), *yang imajiner* (kakurangan), jeung *yang simbolik* (hasrat). Nurutkeun Lacan dina Lechte (2001, kc. 116) kapribadian manusa ngawengku tilu aspék, nyaéta *imajinér* nu patali jeung dunya *ilusi* atawa imajinasi, *simbolik* nu mangrupa tempat atawa barang di mana basa miboga fungsi pikeun ngawakilan pikiran jeung objék, jeung kanyataan (*real*) di mana manusa miboga pangalaman nu sacara émosi jadi dadasar nu kuat.

Nu nguatkeun aspék kapribadian tokoh utama nyaéta ayana faktor-faktor nu mangaruhan, nu ngawengku faktor biologis jeung faktor lingkungan. Kapribadian mangrupa salasahiji aspék dina pamarekan psikologi sastra. Conto panalungtikan modél kieu dilakukeun ku Jacques Lacan, nu nganalisis psikologi sastra ngaliwatan strukturalisme (Minderop, 2016, kc.23).

Nurutkeun kaum strukturalisme, téks karya sastra nyaéta totalitas nu diwangun sacara *koherensi* ku sakabéh unsur wanguetta (Nurgiyantoro, 2013, kc. 57). Pamarekan struktural dimimitian ku kaum Formalisme Rusia jeung strukturalisme Praha, ngébréhkeun yén ayana pangaruh langsung ti tiori Saussure nu ngarobah studi linguistik tina pamarekan diakronik ka sinkronik. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Todorov, yén struktural patali jeung kajadian-kajadian basa. Todorov ngabagi struktural kana tilu aspék, nyaéta aspék sintaksis (galur), semantik (téma, tokoh, latar carita), jeung verbal (puseur panitén) (Todorov, 1985, kc. 11).

Sababaraha panalungtikan nu geus dilaksanakeun di Departemen Pendidikan Bahasa Sunda, nu dijadikeun référénsi dina ieu panalungtikan di antarana “Ulikan

Strukturalisme jeung Psikologi Sastra kana Kapribadian Palaku dina Novél *Lain Éta karya Moh. Ambri*” ku Azmi (2018), “Aspék Struktur jeung Psikoanalisis dina Naskah Drama *Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit* karya Ayi G. Sasmita” ku Pasha (2017), “Aspék Kapribadian dina Novélét *Catetan Poéan Réré (CPR)* Karya Ai Koraliati (Kajian Struktural jeung Psikologi Sastra)” ku Zaélani (2015).

Dumasar kana panalungtikan-panalungtikan nu geus disebutkeun saméméhna, objék panalungtikanna téh teu sarua, sanajan papada ngagunakeun pamarekan struktural jeung psikologi sastra. Ieu panalungtikan téh baris nalungtik aspék kapribadian tokoh utama dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini, kalawan ngagunakeun pamarekan struktural naratif Todorov, jeung pamarekan psikologi sastra Jacques Lacan, sarta ngadéskripsikeun faktor-faktor nu ngabalukarkeun kapribadian tokoh dina éta kumpulan carpon. Dumasar kana pasualan nu geus didadarkeun di luhur, ieu panalungtikan nu judulna “Aspék Kapribadian Tokoh Utama dina Kumpulan Carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra Lacan)” téh perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus dipérélékeun ti heula, aya sababaraha masalah anu baris dipaluruh dina ieu panalungtikan, dirumuskeun saperti kieu.

- 1) Kumaha struktur kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini?
- 2) Kumaha aspék kapribadian para tokoh utama dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini?
- 3) Faktor naon waé anu ngabalukarkeun rupa-rupa gangguan kapribadian nu karandapan ku para tokoh utama dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Dumasar kana rumusan masalah anu dipedar saméméhna, ieu panalungtikan miboga dua tujuan.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum, tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun meunangkeun gambaran atawa déskripsi ngeunaan kapribadian tokoh sarta faktor-faktor nu ngabalukarkeun gangguan kapribadian nu karandapan ku tokoh dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun hal-hal saperti kieu.

- 1) Struktur kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini.
- 2) Aspék kapribadian para tokoh utama dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini.
- 3) Faktor nu ngabalukarkeun rupa-rupa gangguan kapribadian nu karandapan ku para tokoh utama dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat dina ieu panalungtikan kabagi jadi opat, nyaéta mangpaat tina segi tioritis, kawijakan, praktis, sarta isu jeung aksi sosial.

#### **1.4.1 Mangpaat tina Segi Tioritis**

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta, hasil ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung pamahaman dina élmu kasusastraan, hususna nu patali jeung panalungtikan carpon nu ngagunakeun pamarekan psikologi sastra.

#### **1.4.2 Mangpaat tina Segi Kawijakan**

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi implikasi nu hadé pikeun pamaréntah, boh pamaréntah daerah boh pamaréntah nasional.

### 1.4.3 Mangpaat tina Segi Praktis

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat sacara praktis pikeun pihak-pihak nu patali jeung ieu panalungtikan.

- 1) Pikeun panalungtik, panalungtik meunang élmu-élmu anyar hususna ngeunaan strukturalisme jeung kapribadian tokoh utama dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini.
- 2) Pikeun masarakat sacara umum, tandesna nu mikaresep karya sastra, dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan tokoh dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini katut penokohanna, sarta kapribadian gatut faktor-faktorna, sangkan jadi eunteung diri dina kahirupan nyata.
- 3) Pikeun mahasiswa, ieu panalungtikan bisa dijadikeun sumber rujukan dina raraga ngaprésiasi karya sastra Sunda hususna carpon, nu ngagunakeun pamarekan psikologi sastra hususna tiori psikoanalisis Jacques Lacan.

### 1.4.4 Mangpaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Hasil dina ieu panalungtikan, dipiharep jadi tinimbangan pikeun bahan bacaan ngeunaan aspék kapribadian tokoh dina ulikan psikoanalisis Jacques Lacan. Lian ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi cara pikeun ngajén kualitas tina karya sastra.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan téh disusun jadi sababaraha bab, sakumaha pedaran ieu di handap.

Bab I Bubuka. Eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dibagi jadi dua; tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu dibagi jadi tilu; mangpaat tina segi tioritis, kawijakan jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ulikan tiori nu diguar nyaéta ngeunaan carpon, tiori struktural, tiori psikologi sastra, tiori kapribadian, jeung tiori psikoanalisis kapribadian Jacques Lacan. Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, pasualan-pasualan anu jadi patalékan, sarta luyu jeung objék kajian panalungtikan.

Bab III Métode Panalungtikan. Dina ieu bab medar ngeunaan métode panalungtikan nu diwincik deui jadi desain panalungtikan, data jeung sumber data, ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran. Dina ieu bab medar ngeunaan hasil jeung pedaran analisis data nu patali jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, katut tiori-tiori dina Bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékomendasi. Ieu bab medar ngeunaan kacindekan tina hasil analisis panalungtikan. implikasi jeung rékoméndasi pikeun nu maca. Kacindekan mangrupa jawaban tina daftar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Implikasi jeung Rékoméndasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua, minangka lajuning lakuna tina hasil panalungtikan.